



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE SIBVANSYON 40 MILYON DOLA DEPATMAN
KOMÈS AMERIKEN POU RANFÒSE SEKTÈ SEMIKONDIKTÈ K AP GRANDI NAN
NEW YORK**

*Sibvansyon Federal Sant Rejyonal Teknoloji ak Inovasyon yo pral sipòte rechèch
semikondiktè, fabrikasyon, ak devlopman mendèv nan koridò NY SMART I ki
anglobe Buffalo, Syracuse ak Rochester*

*Debloke 8 milyon dola anplis nan finansman Eta a pou devlope endistri
semikondiktè New York la*

*Baze sou angajman Gouvènè Hochul pou etabli yon ekonomi 21yèm syèk nan Eta
New York; Kontinye transfòmasyon Eta a soti nan senti wouye rive nan senti
inovasyon*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Depatman Komès (Department of Commerce, DOC) Etazini te akòde yon faz de (2) sibvansyon 40 milyon dola Sant Rejyonal Teknoloji ak Inovasyon (Sant Teknolojik) pou konsòsyòm nan Koridò Inovasyon Teknolojik pou Fabrikasyon ak Rechèch Semikondiktè nan New York (New York Semiconductor Manufacturing and Research Technology Innovation Corridor, NY SMART-I Corridor). Pandan senk ane k ap vini yo, konsòsyòm lan pral sèvi yon wòl enpòtan nan sipòte kwasans kontinyèl Rejyon Nò New York pou tounen yon sant mondyal konpetitif nan devlopman mendèv semikondiktè, inovasyon, ak fabrikasyon – yon pati nan transfòmasyon kontinyèl vil senti wouye eta a pou tounen yon nouvo senti inovasyon tounèf. Empire State Development te angaje jiska 8 milyon dola nan finansman korespondan ansanm ak resous enpòtan adisyonèl ki aliyen pou sipòte Koridò NY SMART-I epi li pral sèvi kòm manm nan komite direktè egzekisyon Sant Teknolojik la.

"Avèk sibvansyon federal transfòmatè sa a, New York ap fè yon lòt gwo pwogrè nan direksyon pou konstwi Konte Pis nan eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Sibvansyon sa a pral ede pote pwochen jenerasyon rechèch semikondiktè, fabrikasyon, ak fòmasyon mendèv nan nò eta a epi debloke menm plis finansman – anplis lòt investisman eta nou yo – pou atire biznis ki fabrike pis ak travay. Soti nan investisman istorik Micron rive nan premye sant rechèch pis nan peyi nou an nan Albany, New York enplike l anpil nan semikondiktè epi mwen remèsye administrasyon

Biden, Lidè Majorite Schumer, Senatè Gillibrand, ak Manm Kongrè Morelle pou asire nou rete konpetitif nan kous mondyal pou biznis pis."

Koridò NY SMART-I a te bay youn nan 31 deziyasyon Sant Teknolojik pa mwayen Administrasyon Devlopman Ekonomik (Economic Development Administration, EDA) Depatman Komès federal la nan mwa oktòb 2023 apati yon rezèv prèske 400 aplikasyon rejyonal, epi li se youn nan sèlman kat deziyasyon sant teknoloji semikondiktè nan nasyon an. Konsòsyòm lan gen ladan rejyon Lwès NY, Finger Lakes, ak rejyon Santral NY e se Buffalo-Niagara Partnership, ROC2025, ak CenterState CEO ki konvoke l an patikilye. Li gen ladann plis pase 80 manm ki gen ladan òganizasyon devlopman ekonomik, gouvènman, devlopman mendèv, travay, endistri, inivèsite ak òganizasyon san bi likratif. Sant Teknolojik la pral travay pou konstwi yon ekosistèm semi-kondiktè nan klas mondyal atravè yon seri domèn konsantre ki gen ladan devlopman mendèv ekitab ak plasman talan, chemen rechèch ak komèsyalizasyon an patenarya ak enstitisyon akademik prensipal yo, kwasans ak devlopman chèn apwovizyonman pou fabrikasyon pis, ak inovasyon teknoloji. Konsòsyòm lan, ke yon komite gouvènans aplikasyon milti-sektè jere, pral sèvi kòm yon kò kowòdinasyon kle pou kwasans endistri semikondiktè ansanm ak Biwo Agrandisman, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè Gouvènè a ki loje nan ESD.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Efò Eta New York ap fè pou tounen transfere nan peyi a endistri semikondiktè a nan yon fason ki mete aksan sou kwasans entelijan ak estratejik, devlopman mendèv ekitab ak divèsifye, ak R&D ak inovasyon dènye kri se yon modèl pou nasyon an ak mond lan. Finansman pou Sant Teknolojik la ke administrasyon Biden te bay la pral ede nou reyalize vizyon pataje sa a pou konstwi yon sektè inovasyon pwospè, ogmante chèn apwovizyonman semikondiktè domestik nou an, epi pwoteje sekirite ekonomik ak nasyonal nou an – tout pandan n ap kreye bon travay pou tout Nouyòkè yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Buffalo Niagara Partnership, Dottie Gallagher, te deklare, "Mwen gen dèt anvè konsòsyòm 100 manm lan ki te ede reyalize vizyon sa a ak kreye yon nouvo kad revolisyonè pou kolaborasyon rejyonal, ak pou Gouvènè Hochul, Eta New York ak Empire State Development ke konsèy estratejik ak angajman yo te enpòtan pou òf nou an. Mwen rekonesan espesyalman anvè Senatè Schumer, kote vizyon l te sèvi pou kreye opòtinite sa a epi kote defans fewòs ak konsistan, ansanm ak manm Kongrè Morelle ak tout delegasyon nou an, te asire òf nou an te atenn somè a. Epi anvè Administrasyon Biden, Depatman Komès, Administrasyon Devlopman Ekonomik, ak biwo Pwogram Sant Teknolojik yo - nou rekonesan anpil pou konfyans ou te mete nan òf nou an. Epi nou pare pou nou kòmanse travay".

Prezidan ROC2025 ak Ofisye Inovasyon Rejyonal Sant Teknolojik Koridò NY Smart-I, Doktè Joseph Stefko, te deklare, "Anons jodi a ke Koridò NY SMART I an pami ti ponyen Sant Teknolojik Federal ki fèk finanse yo valide pouvwa kolaborasyon, epi sèvi kòm yon pwen enfleksyon enpòtan pou tout rejyon nou an. Sa gen twazan, nou te deside bati yon nouvo vizyon kowòdone pou koridò Buffalo-Rochester-Syracuse,

youn ki konsantre anpil sou avanse pwodiksyon semikondiktè ak chèn apwovizyonman. Investisman vize yo ke finansman sant sa a pèmèt – nan mendèv, inovasyon, ak fabrikasyon avanse – mete nou nan pozisyon pou nou ouvri wout tout chèn valè semikondiktè a epi konsa, elaji opòtinite ekonomik pou tout moun atravè tout koridò nou an. Mwen ta renmen remèsye Senatè Schumer, Administrasyon Biden ak Gouvènè Hochul pou sipò inebranlab yo pou òf nou an."

Prezidan CenterState CEO, Rob Simpson, te deklare, "Koridò I New York la se premye gayan prim Sant Teknolojik nan nasyon an, yon siyal fèm bay mond lan ki di rejyon sa a prepare pou dirije renesans fabrikasyon avanse ak pwodiksyon semikondiktè nan peyi Etazini. Investisman sa a ak sipò korespondan Eta New York vle di kominote yo te kite dèyè yo kapab kounye a reprann pozisyon lidèchip ekonomik lejitim yo. Kolaborasyon, vizyon ak lidèchip kominote nou an, ki gen ladan anpil patnè filantwopik, nan sektè edikasyon ak prive, ansanm ak ofisyèl eli nou yo se vrè eritaj travay sa a. Nou rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul paske l yon lòt fwa ankò ogmante investisman federal yo pou akselere vitès pwogrè nou an. Sipò inifye sa a asire rejyon sa a kounye a gen resous pou mennen kwasans alontèm. Pandan n ap pran yon ti moman pou selebre opòtinite istorik sa a, nou pi pare pase sa te janm ye anvan pou n al travay ak ogmante investisman sa a pou maksimize enpak ekonomik yo pral santi atravè kominote nou yo."

Semikondiktè yo enpòtan anpil pou fòs ekonomik nasyon an, sèvi kòm sèvo elektwonik modèn yo, ak pèmèt teknoloji enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini, sekirite nasyonal ak konpetisyon mondyal. Endistri a anplwaye dirèkteman plis pase 277,000 moun nan Etazini epi li sipòte plis pase 1.8 milyon lòt travay lokal. Semikondiktè yo se youn nan senk pi gwo pwodui ekspòtasyon Etazini, epi endistri a se premye kontribitè nan pwodikтивite travay, ki sipòte amelyorasyon nan efikasite nan prèske chak sektè ekonomik — soti nan agrikilti rive nan fabrikasyon.

Finansman pou Sant Teknolojik la baze sou lwa istorik 10 milya dola Green CHIPS Gouvènè Hochul, ki te kreye pou ankouraje kwasans nan endistri semikondiktè atravè eta a. An 2022, Micron te anonse yon investisman 20 ane, 100 milya dola pou kreye yon kanpis megafab nan Sant New York, k ap kreye 50,000 nouvo djòb dirèk ak endirèk epi debloke plizyè santèn milyon dola nan benefis kominote a. Dènyèman, GlobalFoundries te anonse yon investisman 11.6 milya dola pou elaji kanpis fabrikasyon pis li a nan Rejyon Kapital New York, sa ki kreye 1,500 djòb dirèk ak plizyè milye djòb endirèk. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse yon patenarya 10 milya dola pou pote rechèch sou pis pwochen jenerasyon an nan Konplèks Nanoteknoloji Albany (Albany NanoTech Complex) NY CREATES la.

Nan kad bidjè adopte ane fiskal 2025 lan, Gouvènè te sekirize yon investisman 200 milyon dola pou tabli yon rezo pou patenarya fabrikasyon avanse rejyonal (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships, ON-RAMP) – yon rezo kat nouvo sant devlopman mendèv pou prepare Nouyòkè yo pu travay alavni yo. Pandan eta a ap kontinye atire biznis 21yèm syèk nan endistri k ap grandi rapid tankou

fabrikasyon semikondiktè yo, Sant ON-RAMP yo ap ofri kalifikasyon ak fòmasyon ki gen rapò ak fabrikasyon avanse epi ede ogmante opòtinite pou popilasyon ki defavorize yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)